

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data Panlungtikan

Sumber data mangrupa subjék anu bisa dipaké pikeun meunangkeun data. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung kelas XII AP 5 (Akomodasi Perhotelan) anu jumlahna 19 urang siswa lalaki jeung 19 urang siswa awéwé, sarta XII PS 4 (Pekerja Sosial) anu jumlahna 3 urang siswa lalaki jeung 26 urang siswa awéwé, jadi jumlahna aya 67 urang siswa.

Senggeus maluruh karangan éséy siswa anu jumlah 67, pikeun nyingkahan data anu loba/ dianalisis ditangtukeun kelas ganjil jeung jangkep, kelas ganjil nya éta kelas XII AP 5 sedengkeun kelas jangkep nya éta kelas XII PS 4.

Hasil karangan éséy dicokot tina nomer absen dumasar kana kelas anu geus ditangtukeun, maksudna ti kelas ganjil dicokot hasil karangan éséy ti siswa anu nomer absenna ganjil, kitu deui ti kelas jangkep. Ku kituna ti kelas ganjil dicokot 19 hasil karangan éséy, jeung ti kelas jangkep dicokot 14 hasil karangan esey, totalna ti kelas ganjil jeung jangkep éta aya 33 hasil karangan éséy pikeun dianalisis.

3.2 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) milih pamarekan, (6) nangtukeun sumber data, (7) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (8) ngumpulkeun data, (9) analisis data, (10) nyieun kacindekan, jeung (11) nyusun laporan (Arikunto, 2010:61).

Desain panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik didasarkeun ku léngkah-léngkah panalungtikan anu sakumaha ditétélakeun ku Arikunto di luhur. Desain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Nanang Suhendar, 2013

*CAMPUR KODE DALAM MENULIS KARANGAN ESAI SISWA KELAS XII SMK NEGERI 15 BANDUNG
TAUN AJARAN 2012/2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



3.3 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah tafsir ti pamaca, judul tina ieu panalungtikan dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap.

(1) Campur Kode

Campur kode dina ieu panalungtikan nya éta campur kode tina basa Indonesia atawa basa séjénna kana basa Sunda anu aya dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung ditilik tina wanda, wujud, jeung faktor anu ngalantarankeunana.

(2) Karangan Éséy

Karangan éséy dina ieu panalungtikan nya éta téks tulisan anu dijieun ku siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung.

Ku kituna bisa dicindekkeun yén maksud tina panalungtikan nu judulna “Campur Kode Dina Nulis Karangan Éséy Siswa Kelas XII SMK Negeri 15 Bandung.” téh nya éta ngadéskripsikeun campur kode anu aya dina téks karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung ditilik tina wanda, wujud, jeung faktor anu ngalantarankeunana.

3.4 Metode panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sifat-sifat data di lapangan sacara faktual, sistematis, tur akurat (Suyatna, 2002:14).

Métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sipat-sipat campur kode dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung utamana dina wanda, wujud, jeung faktor anu ngalantarankeun ayana campur kode sacara faktual, sistematis, tur akurat.

Ngaliwatan ieu métode, panalungtik baris ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekkan tina ieu panalungtikan.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta insrtumén tés, kartu data, jeung angkét.

- (1) Instrumén tés, tés anu digunakeun nya éta mangrupa paréntah. Siswa dititah nyieun karangan éséy, témana diwatesanan nya éta bisa milih salah sahiji tema nu geus ditangtukeun nu ngawengku kasehatan, patalimarga (*lalu lintas*) jeung téhnologi.
- (2) Kartu data, digunakeun pikeun kalancaran klasifikasi jeung déskripsi data. Dina kartu data aya nomer data, paragraf, prosés campur kode, jeung conto kalimahna.

Nomer/kode data	:
Paragraf ka	:
Prosés campur kode	:
Conto kalimah	:

Tabél 3.1
Conto Kartu Data

Nomer/kode data	: E.AP5.1
Paragraf ka	: 2
Prosés campur kode	: meskipun
Conto kalimah	: <i>meskipun</i> harga awis....

Tabél 3.2
Conto Ngalarapkeun Data

(**E.AP5.1.2.8**)

Ket : **Karangan éséy**
Nomer urut siswa
Paragraf
Proses CK

(3) Angkét, digunakeun pikeun maluruh kasangtukung basa siswa jeung pikeun mikanyaho faktor anu mangaruhan kana lumangsungna prosés campur kode anu aya dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung.

Conto angkét:

ANGKET

Wasta :

Kelas :

Jenis kelamin : (Istri / Pameget*)

Alamat Asal :

Alamat Ayeuna :

Basa anu Dikawasa :

Asal Bapa :

Asal Indung :

Basa anu Digunakeun

A. Di Imah (Anggota Kulawarga)

1. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung Indung.....
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Indonesia
 - c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)
 - d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :
2. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung Bapa.....
 - a. Basa Sunda
 - b. Basa Indonesia
 - c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)
 - d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :
3. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung lanceuk atawa adi.....
 - a. Basa Sunda
 - c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)

Nanang Suhendar, 2013

CAMPUR KODE DALAM MENULIS KARANGAN ESAI SISWA KELAS XII SMK NEGERI 15 BANDUNG
 TAHUN AJARAN 2012/2013

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b. Basa Indonesia d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :

4. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung anggota keluarga séjén

a. Basa Sunda c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)

b. Basa Indonesia d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :

B. Di Sakola (Waktu Istirahat)

1. Basa nu digunakeun waktu ngobrol jeung babaturan di sakola (di luar jam pelajaran basa Sunda).....

a. Basa Sunda c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)

b. Basa Indonesia d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :

2. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung guru di sakola (di luar jam pelajaran basa Sunda).....

a. Basa Sunda c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)

b. Basa Indonesia d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :

3. Basa nu sok biasa digunakeun waktu istirahat sakola.....

a. Basa Sunda c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)

b. Basa Indonesia d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :

C. Di Masarakat (Babaturan/Tatangga)

1. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung tatangga.....

a. Basa Sunda c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)

b. Basa Indonesia d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :

2. Basa nu digunakeun lamun nyarita jeung babaturan ulin nu saumuran.....

a. Basa Sunda c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda)

b. Basa Indonesia d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :

3. Basa nu digunakeun lamun nyarita jeung jalma nu umurna leuwih kolot.....
- | | |
|-------------------|------------------------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda) |
| b. Basa Indonesia | d. Nu Séjénna (.....) |

Alesan :

4. Basa nu digunakeun lamun nyarita jeung jalma nu umurna leuwih ngora.....
- | | |
|-------------------|------------------------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda) |
| b. Basa Indonesia | d. Nu Séjénna (.....) |

Alesan :

5. Basa nu digunakeun waktu balanja....
- | | |
|-------------------|------------------------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda) |
| b. Basa Indonesia | d. Nu Séjénna (.....) |

Alesan :

D. Dina Média Sosial

1. Basa nu digunakeun lamun SMSan....
- | | |
|-------------------|------------------------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda) |
| b. Basa Indonesia | d. Nu Séjénna (.....) |

Alesan :

2. Basa nu digunakeun lamun Chatting....
- | | |
|-------------------|------------------------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda) |
| b. Basa Indonesia | d. Nu Séjénna (.....) |

Alesan :

3. Basa nu digunakeun waktu Facebookan....
- | | |
|-------------------|------------------------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda) |
| b. Basa Indonesia | d. Nu Séjénna (.....) |

Alesan :

4. Basa nu digunakeun waktu twitteran....
- | | |
|---------------|------------------------------------|
| a. Basa Sunda | c. Basa Campuran (Indonesia-Sunda) |
|---------------|------------------------------------|

b. Basa Indonesia

d. Nu Séjénna (.....)

Alesan :

Bacaan di Imah

A. Majalah :

B. Koran :

C. Bacaan Séjénna :

Acara Radio/TV

A. Warta :

B. Seni Sunda :

C. Acara Séjénna :

Géngsi atawa Henteu Maké Basa Sunda :

Alesan :

3.7 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan kabagi dua nya éta téhnik tés, jeung angkét.

- (1) Téhnik tés digunakeun pikeun meunangkeun data karangan éséy ku cara méré tugas karangan éséy ka siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung.
- (2) Téhnik angkét digunakeun pikeun maluruh kasangtukang basa siswa ku cara méré sawatara patalékan ngaliwatan angkét anu dibagikeun, téhnik angkét ieu miboga fungsi pikeun pangdeudeul dina ngadéskripsikeun data campur kode anu kapanggih dina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dilaksanakeun saperti ieu dihandap, nya éta:

- (a) guru nitah siswa nyieun karangan éséy dumasar kana tema anu geus ditangtukeun, nya éta ngeunaan *kasehatan, lalu lintas* atawa *téknologi*;

- (b) karangan éséy ditulis ku siswa dina lembar kertas HVS anu geus dibéré saméméhna;
- (c) saenggeus bérés nyieun karangan éséy, siswa diéré lembar angkét pikeun dieusian.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Saenggeus data anu diperlukeun dina panalungtikan kakumpul, satuluyna data diolah pikeun didéskripsikeun. Téhnik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis “kesalahan berbahasa”. Data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

(1) Data Karangan Éséy

Tina karangan éséy siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung biasa dipaluruh wanda jeung wujud campur kode ngaliwatan sababaraha léngkah ieu di handap:

- (a) maca karangan siswa kalawan gemet;
- (b) nganomeran unggal paragraf;
- (c) nandaan unggal kasalahan sarta ngasupkeunana kana kartu data;
- (d) milah data kasalahan dumasar kana klasifikasina;
- (e) nyieun kacindekan tina data anu geus diolah dina wangun perséntase.

Rumus nu dipakéna nya éta:

$$\text{Frekuensi campur kode} = \frac{n \text{ ECK}}{n \text{ CK}} \times 100\%$$

Katerangan:

$n \text{ ECK}$ = jumlah CK dina karangan éséy

$n \text{ CK}$ = jumlah total CK dina sakabéh karangan éséy

(2) Data Angkét

Data angkét siswa kelas XII SMK Negeri 15 Bandung diolah ngaliwatan sababaraha léngkah ieu di handap:

- (a) angkét dianalisis dumasar kana aspék jeung kategorina;
- (b) hasil analisis diitung *frékuénsina* dumasar kana aspék anu ditalungtik; jeung
- (c) nyieun kacindekan dina wangun perséntase.

Rumus anu digunakeunna nya éta:

$$\frac{f}{n} \times 100\%$$

Katerangan:

f = frékuénsi aspék nu ditalungtik

n = jumlah siswa

